



Pou Piblikasyon Imedya: 4/11/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE APLIKASYON POU PREMYE PWOGRAM KREDI TAKS POU DEVLOPMAN JWÈT DIJITAL NAN ETA NEW YORK KI KOUTE 25 MILYON DOLA OUVRI KOUNYE A**

*Pwogram lan fèt pou ogmante investisman nan jwèt dijital ak ranfòse endistri devlopman jwèt dijital ki egziste deja nan New York la*

*Eta New York pral dirije paviyon inik nan tout eta a nan Konferans Devlopè Jwèt 2023 nan San Francisco*

*Gade nouvo logo jwèt dijital Empire State la [isit la](#)*

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a premye aplikasyon yo ouvri kounye a pou premye Pwogram Kredi Taks pou Devlopman Jwèt Dijital (Digital Game Development Tax Credit Program) Eta New York la pou sipòte jwèt ki kòmanse devlopman apati 1e janvye 2023 oswa apre. Pwogram Kredi Taks pou Devlopman Jwèt Dijital Eta New York la gen entansyon devlope endistri devlopman jwèt dijital la atravè eta a epi akselere devlopman ekonomik lè li konpanse kèk pri pwodiksyon. Sa a se yon kredi taks 25 milyon dola ki pral bay jiska 5 milyon dola pa ane pandan senkan.

"New York toujou nan premye liy inovasyon an nan endistri k ap emèje yo, epi jwèt dijital la pa diferan", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Atravè kredi taks 25 milyon dola a, nou pral ede devlope endistri k ap pwospere sa a nan New York, kreye djòb ak ankouraje investisman nan tout kominote nou yo. Kounye a se moman pou montre devlopè yo poukisa eta nou an se kote pou investi nan avni jwèt dijital la."

Gouvènè Hochul te anonse tou ke New York pral premye eta nan nasyon an ki pral dirije yon paviyon nan tout eta a nan Konferans Devlopè Jwèt 2023 (2023 Game Developers Conference) a — yon evènman premye plan nan kad endistri a k ap fèt nan San Francisco soti 20 mas jiska 24 mas. New York te kòmanse rekrite biznis pou rantrè nan delegasyon an. Anplis de sa, Gouvènè Hochul te devwale nouvo [logo](#) devlopman jwèt dijital Eta New York ki pral akonpaye tout jwèt ki ankouraje atravè pwogram sa a epi ki devlope nan Eta New York.

**Pwogram Kredi Pwodiksyon Medya Jwèt Dijital Empire State la**

Eta New York se youn nan lidè nasyon an nan endistri devlopman jwèt dijital la, ki ofri yon ekosistèm konplè pou estidyo jwèt dijital yo pwospere, akòz fòs san parèy nan teknoloji avanse, atizay kreyatif ak amizman. Pwogram Kredi Taks pou Devlopman Jwèt Dijital Eta New York la fèt pou akselere ak atire devlopman ekonomik nan konpanse kèk pri pwodiksyon ki asosye ak pwodwi jwèt dijital nan Eta New York.

Estidyo devlopman jwèt dijital ki kalifye yo pral oblije soumèt premye aplikasyon yo nan Eta New York anvan yo kòmanse yon pwojè. Yon fwa ke pwojè a fini epi yo verifye aplikasyon final la, aplikan yo ka resevwa kredi taks ki rive jiska 25 pousan pri pwodiksyon kalifye nan Vil New York ak 35 pousan andeyò distri transpòtasyon banlye Vil New York la.

Pou kalifye, antite a dwe angaje nan yon pwodiksyon medya dijital ki kalifye epi li dwe gen yon minimòm 100,000 dola depans pwodiksyon total. Aplikan an dwe fè yon minimòm 75 pousan nan depans total pwodiksyon an epi peye pou travay li fè ak/oswa sèvis yo bay nan Eta New York pou pwodiksyon medya jwèt dijital la kalifye. Pwojè a dwe kòmanse nan dat 1e janvye 2023 oswa apre.

Depans ki elijib pou pwodiksyon ki kalifye yo enkli:

- Nenpòt frè pou pèman oswa salè yo peye bay moun, ki pa aktè oswa ekriven, ki anplwaye dirèkteman nan kreyasyon yon pwodiksyon oswa pwodiksyon medya jwèt dijital.
- Pèman pou sèvis yo fè nan pwodiksyon medya jwèt dijital sitou nan devlopman, konsepsyon, pwodiksyon, koreksyon, ak konpozisyon medya jwèt dijital la.
- Depans yo pa gendwa enkli depans ki fèt pou distribisyon, maketin, pwomosyon, oswa kontni piblisite.

Pou konpayi ki gen plis pase 10 anplwaye, salè anplwaye egzekitif yo pa kalifye. Yo ka itilize depans kalifye maksimòm 4,000,000 pou chak pwojè nan kalkil Kredi Taks pou Devlopman Jwèt Dijital la. Yo ka itilize jiska 100,000 nan pèman ak salè yo peye nenpòt moun ki anplwaye dirèkteman nan kalkil kredi sa a

Ou ka jwenn aplikasyon sou sitwèb Empire State Development lan [isit la](#).

### **Konferans Devlopè Jwèt 2023 a**

New York pral premye eta nan nasyon an ki pral dirije yon paviyon nan tout eta a nan [Konferans Devlopè Jwèt 2023 a](#), ki se yon evènman premye plan nan kad endistri a ki ap fèt nan San Francisco soti 20 mas jiska 24 mas. Pavillion an montre kwasans devlopman jwèt la atravè Eta New York — ki se lakay pi gwo konpayi yo ak jwèt anblematik yo — ak pwogram devlopman jwèt inivèsite ki pi wo yo k ap kreye yon filyè talan nan endistri a.

Eta New York ap rekrite konpayi devlopman jwèt yo kounye a ki enterese rantre nan paviyon nan tout eta a nan mwa mas. Biznis ki enterese yo ka aprann plis sou inisyativ la [isit la](#) epi yo ka kontakte [NYDigitalGameDev@esd.ny.gov](mailto:NYDigitalGameDev@esd.ny.gov) pou pataje enterè yo.

Eta investi plis pase 20 milyon dola nan Devlopman jwèt dijital nan Inivèsite New York, Rensselaer Polytechnic Institute ak Rochester Institute of Technology pou konstwi inovasyon endistri ak kolaborasyon atravè konsèy ak sansibilizasyon kominotè, ki reflekte sipò estratejik pou kwasans endistri a. Sant sa yo te kreye plis pase 120 djòb epi mennen nan devlopman plis pase 110 jwèt.

### **Logo Jwèt Dijital Empire State la**

Nouvo logo devlopman jwèt dijital Eta New York sètifye ke yo te devlope yon jwèt nan Eta New York, epi yo pral obligatwa pou pwojè k ap aplike pou pwogram kredi a. Logo Jwèt Dijital Empire State la disponib [isit la](#).

**Prezidan, Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisè Empire State Development Ian, Hope Knight, te deklare,** "Envesti nan gwoup biznis yo tankou endistri jwèt videyo k ap boujonnen nan Eta New York la ap atire devlopè, estidyo ak lòt aspè endistri a nan eta a. Kredi Taks pou Devlopman Jwèt Dijital Eta New York la pral asire ke nou kontinye ranfòse ekosistèm jwèt videyo a ki pral atire travay ak investisman nan Eta New York."

**Senatè Eta a, Neil Breslin, te deklare,** "Eta New York se lakay kèk nan moun ki pi kreyatif nan endistri jwèt dijital k ap devlope a. Kreyasyon Kredi Taks pou Medya Jwèt Dijital Empire la pral ede ankouraje yon anviwonman ekonomik ki favorab pou kwasans li kounye a. Mwen bat bravo pou Gouvènè Kathy Hochul ak Komisè ESD Hope Knight pou angajman yo pran pou wè Eta New York la vin episant nan endistri k ap pwospere sa a."

**Manm Asanble John T. McDonald III, te deklare,** "Kredi Taks pou Medya Jwèt Dijital la se ankò yon lòt zouti enpòtan nan bwat la pou devlope endistri jwèt dijital la isit la nan New York. Mwen kwè fèmman kredi sa a pral enspire devlopman ekonomik nan kominote gwoup jwèt nou yo tankou Troy, Albany, ak Saratoga nan Rejyon Kapital la men tou nan tout eta a ki gen ladan North Country ak zòn Rochester yo. Anplis de sa, kredi sa a pral ede atire ak kenbe jèn espri kreyatif yo pou yo rele New York lakay yo, ki pale de vas kalite enklizif lavi ke nou menm antanke rezidan New York ap jwi. Mwen te defann ak tout fòs finansman Pwogram Kredi Pwodiksyon Media Jwèt Dijital Empire State la nan Bidjè Eta New York la epi te pote lejislasyon pou sipòte finansman pou kredi enpòtan sa a. Mwen apresye efò Gouvènè Kathy Hochul, Prezidan Carl Heastie, Lidè Majorite a Stewart-Cousins, ak lidè endistri jwèt lokal nou yo ki te pèmèt pwogram enpòtan sa a reyalize."

### **Enfòmasyon sou Empire State Development**

Empire State Development se ajans devlopman ekonomik prensipal New York. Misyon ESD se pou ankouraje yon ekonomi ki solid ak pwospè, ankouraje kreyasyon nouvo

djòb ak opòtinite ekonomik, ogmante resèt pou Eta a ak minisipalite li yo, epi pou fè ekonomi lokal yo vin estab ak divèsifye. Atravè itilizasyon prè, sibvansyon, kredi enpo, ak lòt fòm èd finansye, Empire State Development ap fè efò pou amelyore investisman biznis prive ak kwasans pou sipòte kreyasyon dyòb, epitou pou sipòte kominote ki pwospè atravè Eta New York. Empire State Development se egalman ajans administratif prensipal k ap kontwole Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal (Regional Economic Development Councils) Eta New York la ak komèsyalizasyon "I LOVE NEW YORK", mak touris anblematik Eta a. Pou plis enfòmasyon sou Konsèy Rejyonal yo ak Empire State Development, vizite <http://www.regionalcouncils.ny.gov/> and <http://www.esd.ny.gov/>.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418